

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan maca téh salah sahiji kaparigelan basa salian ti kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, jeung kaparigelan nulis. Maca kagolong kana média tinulis, ku kituna cara makéna basa bisa ngaliwatan dua média nyaéta lisan jeung tinulis. Ngaliwatan média lisan ngawengku kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan nyarita, sedengkeun ngaliwatan média tinulis ngawengku kaparigelan maca jeung kaparigelan nulis. Éta sakabéh kaparigelan basa téh salawasna silih pangaruhan sarta raket patalina jeung proses-prosés nu jadi dadasar makéna basa.

Dina dunya atikan maca téh kawilang penting. Sabab ngaliwatan maca, siswa bisa nyangking rupa-rupa informasi anu diperlukeun dina waktu proses diajar. Loba ahli basa anu miboga pamadegan ngeunaan wangenan maca, di antarana Anderson (dina Tarigan, 2008, kc.7) nétélakeun yén maca nyaéta nyambungkeun kekecapan tinulis (*written word*) ku makna basa lisan (*oral language meaning*) anu ngarobah tulisan/cetakan jadi sora anu miboga harti.

Saupama dibandingkeun jeung karya sastra séjénna, maca carita babad lain perkara anu gampang. Éta hal dibalukarkeun ku kaayaan jaman anu béda. Ku kituna, geus loba dina sawatara buku téks kapanggih pangajaran babad anu diropéa wangunna, anu tadina wangun wawacan/pupuh dirobah jadi wangun prosa.

Tina hasil panalungtikan, ébréh yén kaayaan pangajaran maca carita babad di kelas VII SMP Negeri 1 Bandung can optimal. Éta hal dibalukarkeun ku kurangna minat maca siswa. Dina kanyataanana masih loba siswa anu can bisa maca bedas, hususna dina wangun carita basa Sunda, boh dina cara macana (basa, kekecapan) boh dina nyangkem eusi bacaanana, sarta guru salaku pangatik kurang méré kasempetan ka siswa pikeun aktif dina proses diajar-ngajar.

Tati Patonah, 2014

Modél connecting, organizing, reflecting, extending (core)

Dina pangajaran maca carita babad sumedang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salian ti éta, prosés diajar ngajar masih lumangsung sacara tradisional. Kaayaan saperti kitu kurang kondusif dina ngarojong kamekaran kamampuh maca siswa anu antukna prosés diajar-ngajar dianggap monoton sarta ngajadikeun siswa kurang kritis, kurang aktif jeung teu kréatif.

Tujuan utama pangajaran maca carita babad ieu nyaéta pikeun méré kasempetan ka siswa pikeun bisa maca sacara aktif, sarta meredih siswa sangkan bisa maca bedas carita babad dina wangun pupuh.

Nilik kana pedaran di luhur, hal éta patali jeung matéri anu aya dina standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Patalina jeung panlungtikan ieu nyaéta matéri aspék maca anu standar kompeténsina “*mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sejarah lokal/cerita babad, teks percakapan, dongeng, dan carita pondok*”.

Saluyu jeung standar kompetensi di luhur, salah sahiji matéri anu kudu diajarkeun di SMP kelas VII patali jeung maca carita babad, Dina LBSS (2007, kc.39) dijéntrékeun yén babad téh mangrupa dongéng anu ngandung unsur sajarah. Tujuan utama pangajaran maca carita babad ieu nyaéta pikeun méré kasempetan ka siswa sangkan bisa maca bedas sacara aktif, nyaéta meredih siswa sangkan bisa maca bedas carita babad dina wangun pupuh.

Kompeténsi ieu dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa dina maca. Lain ngan saukur siswa ngalaksanakeun kagiatan maca lantaran kapaksa pikeun ngaréngsékeun pancén-pancén ti guruna wungkul, tapi bisa dijadikeun hiji kagiatan anu dipikaresep jeung dijadikeun kabutuhan anu mangaruhan kana préstasi diajar siswa. Ku kituna, sangkan siswa teu ngarasa bosen perlu ngagunakeun modél pangajaran nu ngajadikeun prosés pangajaran bisa lumangsung kalayan henteu monoton tur bisa dipikaresep ku siswa.

Modél pangajaran nyaéta hiji rarancang anu digunakeun pikeun prosés pangajaran sangkan tujuan prosés pangajaran bisa kahontal, nu ngawengku materi pangajaran, buku-buku, média, jsté. Ieu modél pangajaran téh raket patalina jeung

prosés diajar-ngajar henteu bisa dileupaskeun tina kagiatan atikan jeung pangajaran. Ku ayana modél pangajaran bisa mantuan siswa dina nyangkem matéri pangajaran, hususna dina pangajaran maca bedas carita babad Sumedang.

Modél pangajaran *CORE* nyaéta salah sahiji modél pangajaran maké métode diskusi. modél *CORE* ngawengku opat prosés, nyaéta *connecting*, *organizing*, *reflecting*, jeung *extending* Calfee spk. (dina Jacob, 2005, kc.13).

Ku ayana *connecting*, siswa diajak pikeun bisa matalikeun pangaweruh anu anyar dipelajari jeung pangaweruh nu geus nyampak saacanna. *Organizing* mawa siswa pikeun bisa ngaorganisasikeun pangaweruhna. Tuluy ku ayana *reflecting*, siswa dilatih pikeun bisa ngajelaskeun deui informasi anu geus ditarima. Pamungkas, *extending*, ku ayana kagiatan diskusi pangaweruh siswa bisa dijembaran.

Dina ulikan diajar-ngajar, ngeunaan penerapan modél *CORE* dina kaparigelan maca, di jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI mah nepi ka kiwari can aya nu kungsi nalungtik, tapi di Jurusan Matématika FPMIPA UPI geus aya nu nalungtik, saperti halna panalungtikan anu dijudulan “Penerapan Model *CORE* dalam Pembelajaran Matematik untuk Meningkatkan Kemampuan Koneksi Matematik Siswa SMA” (skripsi Rokhaeni A, 2002). Jacob, C. (2005). “Pengembangan Model *CORE* dalam Pembelajaran Logika dengan Pendekatan *Reciprocal Teaching* bagi Siswa SMA Negeri 9 Bandung dan SMA Negeri 1 Lembang”. Bandung: Laporan Piloting. FPMIPA UPI.

Dumasar kana masalah di luhur, nimukeun pamanggih yén modél *CORE* bisa digunakeun pikeun ngarojong pangajaran maca carita babad di SMP kelas VII. Ku kituna panulis hayang ngayakeun panalungtikan, anu dirumuskeun dina judul “Modél *Connecting*, *Organizing*, *Reflecting*, *Extending* (*CORE*) dina Pangajaran Maca Carita Babad Sumedang (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Tati Patonah, 2014

Modél connecting, organizing, reflecting, extending (core)

Dina pangajaran maca carita babad sumedang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2.1 Watesan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan ”Modél *Connecting, Organizing, Reflecting, Extending (CORE)* dina Pangajaran Maca Carita Babad Sumedang (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”. Ieu modél dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca carita babad Sumedang.

Ku lantaran pangajaran maca loba rupana, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesanan sangkan jéntré sarta henteu méngpar ti nu geus ditangtukeun. Watesan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta nalungtik aya béda atawa henteuna hasil siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *CORE (connecting, organizing, reflecting, jeung extending)* dina pangajaran maca bedas carita babad Sumedang ka siswa kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2013/2014 kalayan kritéria nu diajén, nyaéta ngawengku: 1) volume sora, 2) ucapan (*artikulasi*), 3) lentong, jeung 4) réngkak paripolah (*gesture*).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh maca carita babad Sumedang siswa kelas VII 02 SMPN 1 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *CORE*?
- 2) Kumaha kamampuh maca carita babad Sumedang siswa kelas VII 02 SMPN 1 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *CORE*?
- 3) Naha aya bédana kamampuh maca carita babad Sumedang siswa kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *CORE*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tati Patonah, 2014

Modél connecting, organizing, reflecting, extending (core)

Dina pangajaran maca carita babad sumedang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta nguji modél pangajaran *CORE* pikeun ningkatkeun pangajaran maca carita babad Sumedang di SMP Negeri 1 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca carita babad Sumedang, siswa kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *CORE*;
- 2) kamampuh maca carita babad Sumedang, siswa kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *CORE*; sarta
- 3) kamampuh siswa kelas VII 02 SMP Negeri 1 Bandung dina maca carita babad Sumedang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *CORE*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan kabagi kana dua bagian nyaéta mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta salian ti ngeuyeuban élmu pangaweruh ogé bisa dijadikeun alternatif dina proses diajar-ngajar utamana dina milih modél pangajaran anu leuwih inovatif jeung éféktif dina maca carita babad.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis di antarana:

- 1) pikeun prosés pangajaran, ieu panalungtikan méré sumbangan pikeun ngaronjatkeun ajén pangajaran basa Sunda;

Tati Patonah, 2014

Modél connecting, organizing, reflecting, extending (core)

Dina pangajaran maca carita babad sumedang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran maca carita babad sangkan prosés pangajaran leuwih variatif jeung teu monoton;
- 3) pikeun siswa, bisa leuwih aktif dina kagiatan prosés pangajaran sangkan miboga kamampuh maca anu hadé nepi ka bisa nyangking eusi atawa informasi bacaan;
- 4) pikeun sakola, bisa méré sumbangan dina raraga ngaronjatkeun ajén pangajaran di sakola; jeung
- 5) pikeun nalungtik, bisa leuwih ngaronjatkeun kualitas paélmuan jeung ngaimplementasikeun modél pangajaran anu luyu pikeun pangajaran maca carita babad.

1.5 Sistematika Nulis

Sistematika nyusun skripsi dina ieu panalungtikan nyaéta:

BAB 1 Bubuka

Dina ieu bab didadarkeun perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, metode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nulis.

BAB II Ulikan Tiori, Raraga Mikir, jeung Hipotésis

Dina ieu skripsi anu jadi kajian jeung ulikan tiori nyaéta modél pangajaran *CORE*, maca bedas, jeung carita babad Sumedang. Di dieu dipedar tiori-tiori ti mimiti wangenan, tujuan, jrrd. anu aya patalina jeung pedaran-pedaran di luhur, sarta raraga mikir jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan

Dina bab III dipedar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Tati Patonah, 2014

Modél connecting, organizing, reflecting, extending (core)

Dina pangajaran maca carita babad sumedang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Analisis Data

Dina bab IV dipedar ngeunaan pedaran jeung déskripsi tina hasil panalungtikan, jeung analisis data hasil panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi

Eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya rékoméndasi atawa saran anu ditepikeun ka nu maca.

Salian ti babagian anu geus disebutkeun di luhur, tangtu waé aya babagian panglengkep séjénna. Boh dina awal boh dina ahir saperti pangjajap, daftar eusi, daftar pustaka, lampiran, jeung riwayat hirup.